„Утверждаю“ / [signature] Акайдеева Х.К.

МКОУ «Ленинаульская средняя общеобразовательная школа №1

имени Героя Советского Союза Ханпаши Нурадилова»

# КВН :

# « Нохчийн фольклор»

Составитель: учитель родного языка и литературы Саипова Ш.И.

**Урокан чулацам:** *Нохчийн фольклор КВН.*

**Іалашо:** 1) Нохчийн фольклоре безам бахийтар, къамел кхиор, мотт шарбар.

2) Халкъан кицанаш, хІетал-металш, иллеш кІоргтера довзийтар – иза фольклор юй хаттар.

**Гайтаран гІирсаш:** хІетал-металшна хІоттийна кроссворд, книгаш а.

## УРОКАН НЕКЪ:

1. Вовшахтохаран минот.
2. Хьехархочун дош.
3. ДІайолор.

**М.** Де дика хуьлда шун хьоме хьехархой, дешархой!

**А.** Тахана оха дIайоло тхан нохчийн меттан КВН 8 «а», 8 «в» классашкахь.

**М.** Оха гойтур ду тахана вайн нохчийн метан фальклоран хьал а, хазалла а.

**А.** ХIинца ас до шло 8 «а» классана шайн цIе а, девиз а йовзийта.

**М.** ХIинца ас до шло 8 «в» классана шайн цIе а, девиз а йовзийта.

**А.** Командас «Даймехкан иллес» дIалокху шайн эшар.

**М.** Командас «Даймехкан азо» йовзуьйту шайн эшар.

**А.** Туьйранаш – дукха хенахь дуьйна вайн халкъо, барта дуьйцуш схьадогIуш долу хабарш ду.

Туьйранашкахь дукха ду тамашийна, вай цецдохуш дерг, хазаниг, самукъадокхуш дерг.

Туьйранашна тIехь хуьлу дийнаташа (зуьнаша, пхьагалша, барзо) адаман мотт буьйцуш.

**М.** Туьйранаша гойту адамийн хьекъал, нийсоно харцонна тIехь толам баккхар, ямартло тIаьххьара а гучайолуш хилар, оьздангалла, гIиллакх, доьналла, хьекъал, собар долуш волу стаггий бен, халкъо лоруш (бен) сийдеш ца хилар.

**А.** Туьйранаш дуьйцу «Даймехкан иллис».

**М.** «Даймехкан азо» дуьйцу туьйранаш.

**А.** Сценкаш гойту 8 «а» класса.

**М.** Сценкаш гойту 8 «в» класса.

**А.** ХIетал-металш адамийн самукъанечу хабарийн ша тайпа форма ю. Дукха хенахь дуьйна вайнахана юкъахь девзаш а, лелаш а, дуьйцуш а ду хIетал-металш.
**М.** Даима а хаттаран кеп ю церан. КIорггера ойла ярций бен жоп далалур дац царна. Ткъа, оцу ойла яро гIо до кхетам кхио, ойла ян Iама, хьекъал ирда, сурт хIоттадо.
ХIетал-металш хаар.

**А.** Стихотворенеш йоьшу «Даймехкан иллис».

**М.** Стихотворенеш йоьшу «Даймехкан азо».

**А.** Кица – халкъо кхоьллина долу, дахаран тайп-тайпана меттигашна – хьелашна тIедогIуш долу ира дешнаш ду. Кицанашкахь гойту халкъо дахарна Iехь бина а, беш болу а тидамаш.

**М.** Кицанаш цу тIехь дуьйцург доцуш, кхин маьIна хила а тарло.
*Масала:* «КIайчу куьйгашна наха къахьегнарг деза», бохучу кицано гойту и стаг болх беш ца хилар.
Кицанаш довзуьйту «Даймехкан азо».

**А.** Шайн кицанаш довзуьйту «Даймехкан иллис».

**М.** Кроссвордаш яр.

**А.** Забаре дийцарш 8 «а» класс, 8 «в» класс.

***Жалудар:*** 1. Пондар локхург.
2. Мехал чехканиг.
3. Куьйгаш цIанден хIума.